К1ыщокъуэ Алим и гъащ1эм, и лэжьыгъэм теухуауэ проект лэжьыгъэ

Зыгъэхьэзырар  Псыкуэд къуажэм дэт курыт еджап1эм и 9-нэ классым щеджэ Ауныс Аянэ

Псалъащхьэ

1. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы къыщ1элъ гъуэгуанэр зыубзыхуа К1ыщокъуэ  Алим
2. Къэбэрдей литературэм и ц1эр къэралым, дуней псом щызыгъэ1уа К1ыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр.
3. Тхак1уэ уахътыншэ.
4. К1ыщокъуэ Алим хуатха усэхэр.
5. Хуэфащэ пщ1э зыгъуэта лъэпкъым и ц1ыху щэджащэ.
6. Къызэщ1эзыкъуэж псалъэ.
7. Къэзгъэсэбэпа литературэр.

Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Л1ыхъужь, Къэбэрдей- Бплъкъэрым и ц1ыхубэ усак1уэ,

тхак1уэ щэджащэ К1ыщокъуэ Алим( 1914-2001гъгъ.) къызэралъхурэ

бадзэуэгъуэм и 22-м илъэси 107 ирокъу. Дэрк1э ф1ыгъуэ мылъы-

тэщ Алим къызэринэк1а и тхыгъэхэр. Нобэрей ди литературэм ехъу-

л1эныгъэ игъуэтамэ, ар япэк1э бэкъуамэ , художественнэ хъугъуэф1ыгъуэ хъуамэ,ар, псом япэрауэ, зи ф1ыщ1эр Щоджэнц1ык1у Алий, Пащ1э Бэчмырзэ, К1ыщокъуэ Алим сымэ хуэдэ ц1ыху зэчиишхуэ зыбгъэдэлъахэр ди лъэпкъым къызэрыхэк1ахэрщ.

Япэ дыдэу си егъэджак1уэм К1ыщокъуэ Алим теухуауэ проектнэ лэжьыгъэ тщ1ыну къыщыджи1ам сэ си гуапэу лэжьыгъэм сыпэрыхьащ. Апхуэдэу а 1уэхум си гуапэу сыщ1ыпэрыхьами и щхьэусыгъуэр сэ а тхак1уэр ф1ыуэ зэрыслъагъурщ, абы и тхыгъэхэм сыдихьэхыу сызэреджэрщ, и тхэк1эм, адрей тхак1уэхэм зыми емыщхьым сызэрыдихьэхырщ. Псом хуэмыдэу сэ гурэ псэк1э зэхэсщ1эу сызэджэр, гук1э зэзгъащ1эр Алим и усэхэрщ.Лэжьыгъэм сыщыпэрыхьэм сэ къалэн нэхъыщхьэхэу зыхуэзгъэувыжахэщ нэхъ кууүэ тхак1уэ гъуэзэджэм и гъащ1эм, и литературнэ лэжьыгъэм, и псэук1ам, и къек1уэк1ык1ам, адрей ди тхак1уэхэр Алим и творчествэм зэрыхущытхэр, и фэеплъыр хъума зэрыхъур, лъэпкъ къызыхэк1ам и деж абы щигъуэтыжа пщ1эм , ди литературнэ критикхэм тхак1уэм и тхыгъэ щхьэхуэхэм хуа1э щытык1эхэр къэсхутэну, ахэр зэпэслъытыжыну аращ. Сэ сызэрегупсысымк1э, Алим хуэдэ

тхак1уэхэм я тхыгъэхэр зэик1 зэманым емык1уж хъунукъым, сыт щхьэк1э жып1эмэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ ди лъахэм, ди лъэпкъым къик1уа гъуэгуанэр , пэжагъ хэлъу. Зэрытщ1эщи, зи лъэпкъым и блэк1ар зымыщ1эм, и къэк1уэнури ищ1энукъым. Лэжьыгъэм сэ сыщелэжьащ унэм, еджап1э сыщеджэм, ди еджап1эм и библиотекэм, ди куейм щы1э библиотекэм. Дэ1эпыкъуэгъу къысхуэхъуащ адыгэбзэмк1э ди егъэджак1уэр.

Шэч хэмылъу, дэтхэнэ зы ц1ыхури ц1эры1уэ хъуным, абы къыхалъхуа зэчийм зыужьыныгъэ тэмэм игъуэтынымк1э мыхьэнэшхуэ и1эщ абы щапхъэ хуэхъун, зи лъагъуэм ирик1уэн , зи лэжьыгъэм дихьэх гуэр щы1эным. Балъкъэр тхак1уэ ц1эры1уэ Кулиев Къайсын зэритхыжымк1э, Алим гъуэгуанэ к1ыхь къызэрыщ1элъым, ар усак1уэшхуэ зэрыхъунум япэу гу лъызытар Щоджэнц1ык1у Алийщ-арат Алим и егъэджак1уэр, щапхъэ зытрихыр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Алий пасэу зауэм хэк1уэдащ. Ди насып кърихьэк1ри, зауэ гущ1эгъуншэм и маф1эм псэууэ къыхэк1ахэщ К1ыщокъуэ Алим, К1уащ Бет1ал, Шортэн Аскэрбий, Къардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхъан, Щоджэнц1ык1у Iэдэм сымэ хуэдэ тхак1уэ гъуэзэджэхэр.

Алим и япэ тхылъыр къыщыдэк1ар 1941 гъэхэрщ. Ар къыздищтэри, зауэм к1уауэ щытащ Алим. И япэ тхылъыр дунейм къызэрытехьам хуабжьу щыгуф1ык1ат тхак1уэр, ауэ абы и гуф1эгъуэр къызэпиудат ар зытехьа зауэ гъуэгуанэ хьэлъэм. Тхылъ ц1ык1ур къыздрихьэк1ащ Алим, зауэм хэтыху. Ар щыхьэт техъуащ къэбэрдей литературэм усак1уэшхуэ къызэрыщ1этэджам.

И егэджак1уэр , Щоджэнц1ык1у Алий, зауэм зэрыхэк1уэдар

тхак1уэм гущ1ыхьэ щыхъуащ. Абы щыхьэт тохъуэ абы Алий и фэеплъу итха « Усэ къарук1э бийр бгъэсу» усэр.

Усэ къарук1э бийр бгъэсу
Лъагъуэ насыпым хуэпщ1ат,
Уигу щыплъэм уи 1эр нэмысу
Хэщ1ап1э дэнэ щыпщ1а?

И к1эм нэмысу уэрэдыр
Дыщэ бжьамийри къута?
Лъым ила стиххэр ныкъуэтхыу
Бийм ф1эауану къищта?...

Уи лъэрыгъыпсыр сэ с1ыгъыу
Шым сыдэжэни слъэк1ынт
Уэ усхъумэныр нэрыгъыу,
Сыт и гугъуехьыр сшэчынт.

Дунейм ехыжам и ужь къинэм и пщэ къалэн мащ1э къыдэхуэркъым. Алий дунейм щехыжым, Алим псалъэ итауэ щытащ абы иубла 1уэхур игъэк1уэтэн щхьэк1э лъэк1 къызэримыгъэнэнумк1э. И псалъэр игэпэжащ Алим: Щоджэнц1ык1у Алий зэхиубла литературэм и лъэм зригъэукъуэдиящ, абы лъэбакъуэщ1э иригъэчащ, лъагап1эщ1эхэм дишын хузэф1эк1ащ.

Иджырей адыгэ усыгъэм сыт хуэдэ зыужьыныгъэ и1эми, абы и къежьап1эр Щоджэнц1ык1уАлийрэ К1ыщокъуэ Алимрэ я творчествэрщ. Иджыпсту адыгэ рифмэм икъук1э зиужьауэ щытмэ, а зыужьыныгъэм и къежьап1эм деж щытар а усак1уит1ырщ.

К1ыщокъуэм ди литературэм щеубыд езым и лъэхъэнэ псо. Абы къриубыдэу Алим дунейм къытригъэхьащ усэхэр, поэмэхэр, рассказхэр. романхэр, пьесэхэр,уэрэдхэр, публицист тхыгъэ куэд. Абы къыдэк1уэу ар щытащ жылагъуэ, къэрал лэжьак1уэшхуэу. Совет лъэпкъыбэ литературэм и лэжьак1уэ ц1эры1уэу щытащ К1ыщокъуэр, дэни къыщац1ыхуу.

Псом япэрауэ. Алим щэнхабзэм и лэжьак1уэ щэджащэщ, КъБР-м и тхак1уэ ц1эры1уэщ, адыгэ литературэм и классикщ. И гуащ1эрэ и зэф1эк1к1э

Алим ди литературэр урысей, дунейпсо утыкум иришащ. Лъэпкъым къыдэгъуэгурык1уэ фащэхэмрэ щапхъэхэмрэ и гъуазэу, абы и къалэмыпэм къыщ1эк1ащ ц1ыхухэм гунэс ящыхъуа, ди литературэм и жьант1эр зыубыда, ди Хэкум и художественнэ хъугъуэф1ыгъуэхэм ящыщ хъуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр. Гъунапкъэншэщ тхак1уэм и зэчийр. Инщ абы драматургием, публицистикэм, литературэм и нэгъуэщ1 1энат1эхэми щи1э ф1ыщ1эр.Абы и 1эдакъэм къыщ1эк1ащ езыр къызыхэк1а лъэпкъым, Кавказым и тхыдэм теухуа роман гъуэзэджэхэр.» Бгыхэр жейркъым» романым папщ1э тхак1уэм къратащ Урысей Федерацэм и къэрал саугъэтыр.

Дэтхэнэ тхак1уэми зы 1эзагъ гуэр бгъэдэлъщ. Щы1эщ тхак1уэ и тхыгъэхэм удихьэх къудейуэ къэмынэжу, ат1э уагъэп1ейтейуэ, куэдым урагъэгупсысу. Апхуэдэщ К1ыщокъуэр. Мыбы и тхыгъэхэм хэпщ1ык1ыу нэхъ набдзэгубдзаплъэ, нэхъ гурыхуэ, нэхъ 1ущ уащ1ыф. Тхак1уэм и тхыгъэхэм упхырыплъмэ, гу лъомытэу къэнэнукъым абы и дежк1э хабзэ нэхъыщхьэ дыдэу щытыр гъащ1эм и пэжым щ1эзэуныр арауэ зэрыщытыр. Абы и романхэм, усэхэм, поэмэхэм зыри щигъэщ1эращ1эркъым, ат1э пэжыр лъэныкъуэ псомк1и, абы хэлъ гугъуехьхэри, гукъеуэхэри уи пащхьэ кърилъхьэу уегъэлъагъу. Арауи къыщ1эк1ынщ абы и прозаическэ зы тхыгъи псалъэмакъыншэу дунейм къыщ1ытемыхьар. К1ыщокъуэм и тхылъ дэтхэнэри гупсысэ лъэщк1э гъэнщ1ащ. Абыхэм зэпымыууэ къа1эт лъэхъэнэ къэс ди лъэпкъым къыпэщыта, ноби къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр. Ахэр зыхуэлажьэр лъэпкъым, ц1ыхубэм я гъащ1эр пэжу къэгъэлъэгъуэнырщ, зэманым ек1уу , 1уэху гугъу зэмыл1эужьыгъуэхэм жыджэру хуэлэжьэфын щ1эблэ гъэсэнырщ. Лъэпкъым и хабзэ нэхъыф1хэр хэ1ущ1ы1у щ1ынырщ, гъащ1эм щыпхыгъэк1ынырщ.

Ди лъэпкъ литературэр, щэнхабзэр, ди лъэпкъым и щ1энгъуазэу щыт адыгэ хабзэр, нэмысыр К1ыщокъуэм ину къи1этащ, хэ1ущ1ы1у ищ1ащ, къэрал

куэдым къаригъэц1ыхуащ. К1ыщокъуэм теухуа тхыгъэхэр зджыуэуэ сэ къызгуры1уащ абы акъылышхуэрэ художественнэ 1эзагъ инрэ бгъэдэлъа къудейкъым, ат1э л1ыгъэшхуи хэлъащ, гушхуэ к1уэц1ылъащ. Сэ сызэрегупсысымк1э, а зэманым апхуэдэу ущытыну, зи тетыгъуэхэм ягу иримыхь гуэрхэр птхыуэ, ахэр пхыбгъэк1ыфу, уапэувыфу,гуп щхьэхуэ гуэрхэм уахуэмылажьэу уи лъэпкъым, уи Хэкум , захуэу, хьэлэлу ухуэлэжьэныр л1ыгъэм и л1ыгъэжт.Абы щыхьэт тохъуэ « Нал къута» романым къик1а псалъэмакъымк1э ар зэрахуэмыгъэшынар, пэжыр зэраф1ыжи1ар, и лэжьыгъэр хэутэн зэрыримыгъэщ1ар.

Гъащ1эм и пэжыр къэгъэлъэгъуэным къыдэк1уэу, гу лъомытэу къанэркъым тхак1уэр псэ хьэлэлу, дахагъэ псоми гу лъитэу зэрыпсэуар.Абы и щыхьэтщ тхыдэм, дунейм и дахагъэм теухуа усэхэмрэ поэмэхэмрэ.

Дыщ1эвгъэдэ1ут Алим и усэхэм щыщ пычыгъуэхэм
..Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
Фемып1эщ1эк1ыу фыкъыспэплъэ.
Мыл1эжыныгъэм стелъщ щ1ыхуи
Абы и пщ1ант1эм фыкъыдэплъэ.. ( Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ)

…Гуф1эгъуэу шыбзыхъуэм т1у и1эщ
Шы жэрхэм ар хэплъэм мэгуф1э
Ет1уанэр ипхъу гуак1уэрщ, ар щы1эщ
Я унэм, зылъагъур хуэгуф1эу…( Пщыхьэщхьэ шу)

…Сэ куэдрэ, куэдрэ сигу къолъадэ
Шы жэр сытесу къэск1ухьын
Ди хэку губгъуэшхуэм сынилъадэу
Зэдэжэм пы1эр яф1эсхьын…

…С. гурыф1ыгъуэм си гъэмэхырт,
Уэр ф1эк1 си1акъым напщ1этелъ.
Упсы къиуауэ сэ сепхьэхырт
Иджы уи ныджэм сэ сытелъщ…( Поэзие)

Убзэмы1умэ, бгъуэтыжынкъым

Уи гурылъыр п1эщ1эхуам.
Бзэ зимы1эр щ1ылъэм тетми,
Хуэдэ къабзэщ къамылъхуам.(Убзэмы1умэ, бгъуэтыжынкъым)

Тхак1уэм и усэ дэтхэнэми ущеджэк1э, ар уи гум къохуэбыл1эр. Уи псэм къодэхащ1э. зэи утезашэркъым абыхэм, гукъинэ мэхъури, къыбдогъуэгурык1уэ. уагъэгушхуэу, ф1ымрэ насыпымрэ ухураджэу.

Икъук1э гуапэщ ди тхак1уэм и фэеплъыр хуэфащэ пщ1э и1эу хъума зэрыхъур Сыдихьэхыу седжащ Алим теухуауэ ятха усэхэм:

Тхьэгъэзит Зубер « Усак1уэмрэ къуршхэмрэ»

« К1ыщокъуэ Алим и деж»

Елгъэр кашиф « Пшапэ зэхэуэгъуэр къуажэм»

Къагъырмэс борис « Бгъэ хабзэ»

К1эщт Мухьэз « Туннель»

Люба Балагова « Алиму Кешокову в ответ»

Хьэ1упщы Лолэ « Алим и деж»

К1эмыргуей Толэ « К1ыщокъуэ Алим деж»

Салих Гуртуев « Горение»

Мы усэхэр псори щыхьэт тохъуэхэр Алим ц1ыхубэм ф1ыуэ ялъагъуу,

пщ1эшхуэ хуащ1у зэрыщытар.алим и ц1эр , и 1уэху зехьэк1эр, и тхыгъэхэр щытхъушхуэк1э, ф1ыщ1э инк1э дэни къыща1этырт. Абы щыхьэт тохъуэ

Сергей Михалков  ССср-м и тхак1уэхэм я V11 съездым къыщипсэлъар

«… Щ1ыхьышхуэ яхудощ1 къэбэрдей лъэпкъыу Алим хуэдэ тхак1уэ гъуэзэджэ, лэжьак1уэ емышыж къызыхэк1ам…»

Сыту насыпышхуэ уи ц1эр дэнэ къэна, укъызыхэк1а лъэпкъым апхуэдэ ф1ыщ1э, щ1ыхь ин хуебгъэщ1ыфыныр!

Къэрал псом къыщымынэу, дуней псом щигъэ1уфащ Алим къызыхэк1а лъэпкъым и ц1эр, абы и тхыгъэхэм куэдк1э нэхъ лъагэ дэхъуащ ди  лъэпкъым и пщ1эр. Дэ дрогушхуэ Алим  хуэдэ къызэрытхэк1ам. Абы нэхъ насыпи щы1эу къыщ1эк1ынкъым- уи ф1ыщ1эр ц1ыхум ялъытамэ, уи лъэпкъым ф1ыгъуэ хуэблэжьамэ.

Нобэ  тхэмытыжми, ар игъащ1эк1э  тщ1ыгъунущ и псалъэк1э, и гуащ1эдэк1ымк1э.

Л1эщ1ыгъуэ дапщэ къэдгъэщ1ами,

Сэлам къытпежьэм дэ етхынщ.

Ди бзэр псэужмэ, апщ1андэхук1э

Си гугъуи ящ1у зэхэфхынщ.    К1ыщокъуэ Алим « Ди бзэмрэ сэрэ»

Си лэжьыгъэр сыухыну сыхуейщ  Iут1ыж Борис мыгъуэм  Алим хужи1а мыпхуэдэ псалъэ дахэхэмк1э «…Пэжыр и гъуазэу, л1ыгъэ хэлъу, гуащ1аф1эу дунейм  тетащ, лъэпкъыр зэрыгушхуэн 1эужь дахэ куэд къыщ1энащи, зэи ц1ыхухэм я гум  ихункъым  К1ыщокъуэ Алим и ц1эр, псори дызэрыгушхуэ вагъуэу лъэпкъ щэнхабзэм и уэгум лъагэу итынщ»

Литературэ:

1.Къэбэрдей- Балъкъэр Республикэм и Тхак1уэхэм я союз

« Къэбэрдей усэм и антологие XX л1эщ1ыгъуэ». Налшык. « Эль-фа».2008

2.Хьэк1уащэ Андрей « Щоджэнц1ык1у Алий Тхыгъэхэр» . Налшык. Эльбрус.

2008

3.Хьэф1ыц1э Мухьэмэд « Хамэщ1ым вагъуэхэр щоужьых». Налшык. Эльбрус. 2006.

4 Алим Кешоков « Огонь для ваших очагов». Москва. « Современник».1984

5.К1ыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъуам теухуауэ къыдэк1ауэ щыта « Адыгэ псалъэ» газетыр. Бадзэуэгъуэм и 22. 2009 гъэм.

6. « Нур» журналым и 7-нэ къыдэк1ыгъуэр. Налшык. 2009.